

Date : April 23, 2014

Nimewo Pwogram Nan : 0937

Tit Pwogram Nan : Danyèl 9:1-19

Ou nan etid bibliik Atravè Labib, pasaj nou pou jounen an se Danyèl 9:1-19.

Annou pwoche kote Bondye nan lapriyè.

Mèsi Senyè pou jounen an e pou etid jodia. Souple dispoze kè nou. Pale ak nou e kite Lespri Sen an anseye nou. Se nan non Sovè e Senyè nou Jezikri nou priye W', amèn.

Mwen kontan resevwa w' nan etid la, n'ap kontinye avèk etid nou nan liv Danyèl la pou nou wè Danyèl 9: 1-19.

DANYEL CHAPIT 9

TEM: Lapriyè Danyèl la; Pwofesi swasanndis sennmen yo.

LAPRIYE DANYEL LA

Lapriyè sa a se anfèt se akimilasyon tout yon vi lapriyè. Anvan sa, nan kòmansman liv la, Danyèl te mande konkou lapriyè pou Bondye te ka revele l' entèpretasyon rèv Nebikadneza a, e Danyèl nan tout vi l' te toujou rete yon òm de priyè. Lapriyè nou jwenn nan chapit sa a revele nou modèl vi priyè Danyèl la e familiarize

nou ak kondisyon lapriyè yo. Me kèk eleman de baz nou jwenn nan resèt lapriyè a.

Planifye ak objektivite. Danyèl pa t' lapriyè vay ke vay, se pa t' jan l' pase l' pase. Li ekri nan vèsè 3 a: " *Mwen leve je m' nan syèl la pou m' lapriyè Seyè a, Bondye a, ak tout kè m'. Mwen t'ap kriye nan pye l', mwen te rete san manje, yon rad sak sou mwen. Mwen te chita sou sann dife.* " Lapriyè, pou Danyèl se pa t' senp repetisyon yon dal mo san vi ou elaborasyon yon diskou wonflan ak yon gwoup mo pedan. Senyè Jezi di nou nan Matye 6:7: " *Lè w'ap lapriyè, pa plede repete yon bann pawòl pou gremesi. Se konsa moun lòt nasyon yo fè. Yo mete nan tèt yo Bondye va tandè yo si yo pale anpil.* " Kalite lapriyè pawòl san sans sa yo anfèt pa yon vrè lapriyè.

Yon Demonstrasyon ki fè mal. Danyèl t'ap fè jèn, li te rete san manje, li te gen rad sak sou li e l' te chita nan sann dife. Sa pa t' pou fè wè l' te fè sa non men pou te revele vrè santiman k' te nan fon kè l'. Men m' pa kwè nou twò wè kalite dedikasyon konsa nan lapriyè sèjousi non!

Senplisite pafè. Danyèl te onèt e kare nan konfesyon l' lan. Li touche kesyon an dirèkteman ak Bondye.

Yo rakonte istwa yon pastè ekosè ki te kanpe nan yon reyinyon priyè pou fè yon lapriyè pale anpil. Men yon ti granmoun fanm ki pa t' ka reziste ankò ki finalman rale zèl palto l' e ki di l' : "Pas, jis rele L' 'Papa' epi mande L' fè yon bagay pou ou." Zanmi nou bezwen plis ti lapriyè tou senp konsa.

Yon rekèt pisan. Bondye te deja reponn Danyèl menm anvan l' te fin lapriyè. Zanj Gabriyèl te prezante devan l' pou ba l' kèk esplikasyon. Bondye te reponn lapriyè Danyèl la. Bib la di nou nan I Jan 5:14: " *Se poutèt sa kè nou pa sote devan Bondye. Nou*

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

konnen l'ap koute nou si nou mande l' kichòy ki dakò ak volonte li."

Prive e pèsònèl. Danyèl pa t' konveke yon reyinyon priyè; men l' te lapriyè an prive. Sa se yonn nan lapriyè nou ta rele priyè twa minit yo. Senyè nou Jezikri Li menm tou te renmen lapriyè an prive. Lapriyè Senyè a te fè nan Jan chapit 17 la se yonn nan lapriyè twa minit yo. Gen anpil nan nou jodia ki pa ka tann pou n' konvoke yon reyinyon lapriyè piblik tandiske n' ta dwe plis tan ap lapriyè an prive.

Li te pèse rive jouk kote Bondye. Lapriyè se sèl fòs ki ka travèse lespas pou rive bò twòn Bondye a. Sr. Isaac Newton te di li ka pran yon teleskòp e gade zetwal ki pi pre a, men l' ka depoze teleskòp la, desann sou jenou l' e pèse dimansyon syèl la pou rive devan twòn Bondye.

Danyèl 9 :1 *Lè sa a, wa Dariyis, moun peyi Medi, pitit wa Egzèsès la, t'ap mache sou ennan depi li t'ap gouvènen peyi Babilòn.*

" *Lè sa a, wa Dariyis... t'ap mache sou ennan depi li t'ap gouvènen peyi Babilòn.*" De kesyon enpòtan nou ta ka poze isit la se: "Ki moun Dariyis sa a te ye e ki sa dat sa a vle di? Yo ka idantifye Dariyis kòm Cyaxares II nan istwa sekilye a (ou ka li Danyèl 5:31 sou sa). "Dariyis" pa t' yon non pwòp; se tankou yon tit ofisyèl, tankou w' ta ka di: yon prezidan, yon wa, yon czar, yon anperè, yon seza ou yon farawon. Gen kèk dezakò kanta sou dat li endike a. Newell panse se te bò lanne 538 anvan Jezikri; Bulber mete l' bò lanne 536 yo, anvan Jezikri. Men m' kwè nenpòt nan dat sa yo aplikab pou istwa a. Sepandan n'ap chwazi se nan lanne 538 anvan Dariyis te konkeri Baiblòn.

Danyèl 9 :2 *Mwen menm Danyèl, mwen t'ap etidye liv Bondye yo. Mwen t'ap kalkile sou swasanndizan lavil Jerizalèm te gen pou l' rete kraze a, jan Seyè a te di l' nan bouch pwofèt Jeremi an.*

Sa se premye lannen reny wa Dariyis. Danyèl kounyea te temwen yon lòt grann pisans ki te vin kontwòle monn nan, konsa l' t'ap poze tèt li kesyon sou jou k'ap vini yo espesyalman sou avni pèp li a, pèp Izrayèl la. Kifè Danyèl te konsakre l' nan etid Pawòl Bondye a. Li li liv pwofèt Jeremi an ki te di pèp Izrayèl la t'apral an kaptivite pandan swasanndizan. Dat la nan chapit sa a se anviwon 537 anvan Jezikri. Danyèl te gen ant katreven senk ak katreven dizan yo konsa. Yo te kaptire l' bò lanne 606 yo anvan Jezikri, bò laj disetan yo. Ki vle di swasanndizan kaptivite yo t'ap rive nan bout yo. Nou rive kounyea nan epòk lè yo va penmèt jwif yo tounen nan tè Palestin lan.

Nou bezwen remake faktè ki te kondisyone Danyèl abouti nan lapriyè sa a se te etid Pawòl Bondye a. Pawòl la revele volonte Bondye. Fòmil pou konnen volonte Bondye a se tou dabò etid Pawòl Bondye e answit lapriyè. Pwomès Danyèl te li yo se Jeremi 25:11: "*Tout peyi a pral kraze tounen mazi, yon dezè. Nasyon ki nan vwazinaj yo pral sèvi wa Babilòn lan pandan swasanndizan.*" E Jeremi 29:10: "*Seyè a di ankò: Lè lavil Babilòn lan va rive sou swasanndizan depi li kanpe a, m'a vin vizite nou, m'a fè kichòy pou nou. M'a kenbe bèl pwomès mwen te fè nou an, m'a fè nou tounen lakay nou ankò.*"

Yon senp lèkti priyè Danyèl sifi pou ede nou konprann jan lapriyè nan tan li a diferan ak pa nou yo jodia. Gade tou dabò kondisyon yo nan vèsè 3 ak vèsè 4 yo:

Danyèl 9 :3, 4 *Mwen leve je m' nan syèl la pou m' lapriyè Seyè a, Bondye a, ak tout kè m'. Mwen t'ap kriye nan pye l',*

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

mwen te rete san manje, yon rad sak sou mwen. Mwen te chita sou sann dife.

Mwen lapriyè nan pye Seyè a, Bondye mwen an. Mwen louvri kè m' ba li, mwen mande l' padon pou pèp mwen an. Mwen di: - Seyè, Bondye, ou gen gwo pouvwa, tout moun fèt pou gen krentif pou ou. Ou kenbe pwomès ou, ou pa janm sispann renmen moun ki renmen ou epi ki kenbe kòmandman ou yo.

Danyèl di: " *Mwen t'ap kriye nan pye l', mwen te rete san manje...*" Yo di nou Senyè Jezi te konn fè jèn tou, Li te konn rete san manje yon peryòd tan, men yo pa janm rekòmande sa kòm yon sèvis pou pèp Bondye a. Se yon bagay yon moun te ka chwazi fè nan limit ou menm anplis sa ki etabli a. Yo mansyone te gen plizyè moun nan legliz primitiv la ki te konn fè jèn. Apot Pòl te ekri moun lavil Korent yo pou di nan II Korent 11:27: "*Mwen redi travay di, mwen fatigue kò m' anpil, mwen pase anpil nwit san dòmi, mwen konnen sa ki rele grangou ak swaf dlo. Anpil fwa mwen te blije rete san manje, mwen souffri fred, mwen konn pa gen rad pou m' mete sou mwen.*"

Danyèl te demontre yon pèsistans, ki gen yon rezon dèt e yon objektif, nan lapriyè. Menm Jakòb nan lapriyè l' la te deklare nan Jenèz 32:26: "... *-Si ou pa beni mwen, mwen p'ap kite ou ale.*"

Lapriyè sa a Danyèl ap fè isit la se yon lapriyè trè pèsònèl. Li konsène li menm ak pèp li a, yon bagay ki parèt aklè nan itilizasyon repete pronon "mwen" avèk "nou" yo. Pwonon sa yo parèt karanteyen fwa nan lapriyè sa a. Petèt ou ka sonje nou te souliye nan chapit 4 la jan Nebikadneza te sèvi pwonon "mwen" an a volonte. Kisa ki fè diferans lan? Enben pou Nebikadneza se te yon siy lògèy, yon siy grandè li. Men kontras ki genyen ak fason Danyèl itilize pwonon mwen an ekstrèmman remakab. Pou Danyèl li demontre imilite, konfesyon, yon moun ki pèdi lafas sa

ki radikalman opoze ak lògèy e admirasyon tèt li Nebikadneza te afiche a.

Danyèl te desann fas atè devan Bondye. Li rekonèt atribi Bondye yo. Tou dabò nou wè ke l' baze sou relasyon pèsonèl li ak Bondye. Li rele L': "Bondye mwen", l'ap soupriye Senyè nan yon fason trè pèsonèl. Anvan l' fè konfesyon l' lan, li fè referans sou grandè enfini Bondye a. Danyèl di: "*Tout moun fèt pou gen krentif pou ou.*" Donk ti lòm pa ka pase Bondye nan jwèt.

Danyèl rekonèt Bondye kenbe kontra ak mizerikòd Li pou moun ki renmen L'. Li pa sèlman fè pwomès non, men l' kenbe yo tou. Bondye pa ka chanje, pakonsekan, Li fidèl. Li menm tou se Bondye mizerikòd la. Se gras a mizerikòd Li kifè nasyon Izrayèl la egziste toujou. Se gras a mizerikòd Bondye ki fè mwen menm avè w' nou egziste nan moman sa kote n'ap viv la. Se gras a mizerikòd Li Li sove nou. Nou li nan Lamantasyon 3:22: "*Seyè a pa janm sispann renmen nou. L'ap toujou gen pitye pou nou.*" Bondye gen mizerikòd men Bondye tou espere pou nou serye e detèmine nan sa n'ap fè e L'ap atann pou nou obeyi L'.

Kounyèa note konfesyon peche Danyèl la:

Danyèl 9 :5, 6 *Nou peche, nou fè mechanste, nou fè sa ki mal, nou vire do ba ou, nou pa fè sa ou te mande nou fè, ni sa ou te ban nou lòd fè.*

Nou pa t' koute pwofèt yo, sèvitè ou yo, ki te pale nan non ou ak wa nou yo, chèf nou yo, zansèt nou yo ak tout pèp nan peyi nou an.

"*Nou peche.*" Se pa "yo" peche non, men "nou". Danyèl idantifye tèt li ak rès pèp la laba nan tè Izrayèl la lè yo te rebele kont Bondye a, sa ki te mennen yo kote yo ye la a nan kaptivite an Babilòn. Ou ka wè Danyèl trè dirèk e trè espesifik nan konfesyon

l' lan. Li site chak peche pa non yo li di: nou fè sa ki mal, nou vire do ba ou, nou pa fè sa w' te mande nou fè ni nou pa koute pwofèt yo. Li mansyone e ekri tout lis peche yo nèt san manke yonn.

Danyèl 9 :7 *Ou menm, Seyè, tou sa ou fè dwat. Men, nou tout moun peyi Jida, moun lavil Jerizalèm, tout moun nan pèp Izrayèl ou te gaye nan peyi pre ak peyi lwen yo, se wont nou toujou wont sa nou fè, tankou jòdi a, paske nou pa t' kenbe pawòl nou avè ou.*

Danyèl pale sou : " *tout moun nan pèp Izrayèl ou te gaye nan peyi pre ak peyi lwen yo.*" Pèp Izrayèl la te gaye toupatou nan monn nan men okenn nan douz tribi yo pa t' pèdi. Kèk nan tribi yo te toupre Danyèl kote l' te ye Babilòn nan, kèk lòt te byen lwen pa rapò kote l' te ye a men yo pa t' pèdi, li te konnen kote yo te ye. Danyèl pa di yo te pèdi. Men l' di yo " *te gaye nan peyi pre ak peyi lwen yo... paske nou pa t' kenbe pawòl nou avè ou.*"

Danyèl 9 :8-14 *Wi, Seyè, se yon wont pou nou tout, wa nou yo, chèf nou yo, zansèt nou yo, paske nou te fè sa ki mal devan ou.*

Ou menm Seyè, Bondye nou, ou gen bon kè, ou konn padonnen paske nou menm nou te vire do ba ou.

Nou pa t' koute ou, Seyè Bondye nou, pou nou te viv dapre lòd ou te ban nou nan bouch pwofèt yo, sèvitè ou yo.

Tout pèp Izrayèl la nèt pa t' swiv lòd ou. Yo pran chemen kwochi, yo pa koute ou lè ou te pale yo. Se konsa tout madichon ak tout malè ki te ekri nan lalwa Moyiz, sèvitè ou la, tonbe sou nou, paske nou te fè sa ki mal devan ou.

Ou te fè tou sa ou te di w'ap fè nou ansanm ak chèf ki t'ap gouvènen nou yo. Ou voye yon sèl malè sou lavil Jerizalèm, malè ki patko janm rive sou latè.

Jan sa te ekri nan liv lalwa Moyiz la, tout malè sa a tonbe sou nou. Men, menm apre sa, nou pa t' chache fè ou plezi, Seyè Bondye nou. Nou pa t' sispann fè sa ki mal pou nou te swiv verite ou la.

Wi, Seyè Bondye nou, ou te pare pou pini nou, ou pini nou vre, paske ou toujou fè sa ki dwat. Se nou ki pa koute lè ou te pale nou.

Se akòz dezobeyisans yo anvè Bondye kifè yo te gaye konsa enpe patou nan monn nan. Moun yo ta di Jan chache, Jan twouve. Se sa yo fè yo t'ap peye. Bondye te kòrèk, Li te dwat e L' te jis lè L' te kite yo depòte yo an kaptivite a. Bondye te gen rezyon e yo te antò.

Zanmi si w' pwoche kote Bondye ak kèk eskiz pou peche w' yo si w' vini kote L' pou di: "O Bondye konnen jan m' fèb epi sikonstans yo te favorab lè sa a..." enben sa vle di se Bondye wi, w'ap bay pote chay peche w' yo. Se tankou si w'ap di Bondye fè yon erè nan kalkil la, fòk Li ta konnen pou pran bagay sa yo an konsiderasyon tou. Bondye yon ti jan twò sevè ak ou! Zanmi pa ba Bondye pote tèt chaje tandè. Nenpòt fikilte w' wè n'ap andire sou latè se monnen pwòp lajan nou y'ap renmèt nou. Se sa n' fè n'ap peye. E nou bezwen pwoche kote Bondye nan konfesyon.

Atitid Danyèl la se atitid kòrèk la, atitid mwen menm avè w' ta dwe adòpte lè n'ap pwoche kote Bondye nan lapriyè. Bondye pap ka konmanse aji pou nou toutotan nan pa rive nan plas kote nou ka reklame mizirkòd Bondye e sispann fè eskiz pou peche nou yo.

Danyèl 9 :15-18 *Koulye a, Seyè Bondye nou, ou te fè pèp ou a soti kite peyi Lejip ak fòs ponyèt ou. Jouk jounen jòdi a y'ap nonmen non ou pou sa. Men, nou menm nou peche, nou fè sa ki mal.*

Seyè, ou te toujou pran defans nou nan tan lontan. Tanpri, pa fache, pa move sou lavil Jerizalèm ankò. Se mòn pa ou la, se mòn ki apa pou ou a li ye. Tout moun k'ap viv nan peyi tou kole ak nou yo ap pase ni lavil Jerizalèm ni pèp ou a nan betiz, poutèt peche nou yo ak mechanste zansèt nou yo te fè.

O Bondye papa nou! Tanpri, tandè lapriyè sèvitè ou la ap fè nan pye ou. M'ap mande ou, tanpri souple, voye je ou sou tanp ou a ki fin kraze, pou tout moun ka konnen se Bondye ou ye.

O Bondye, pare zòrèy ou pou tandè nou! Voye je ou wè jan nou fini! Gade nan ki eta lavil ki pote non ou lan ye! Se pa paske nou fè anyen ki dwat ki fè n'ap lapriyè nan pye ou konsa. Men, se paske ou gen bon kè anpil.

Se rekèt ak siplikasyon sa a Danyèl te prezante devan Bondye. Li sonje jan Bondye te kondi pèp Izrayèl la soti kite peyi Lejip. Se akòz jistis Li non pa akòz dwati pèp la Bondye te fè sa. Nou li nan Egzòd 2: 24, 25: "*Bondye tandè rèl yo, li vin chonje kontra li te pase ak Abraram ak Izarak epi ak Jakòb. Bondye te wè nan ki sitiyasyon moun pèp Izrayèl yo ye, li pran kòz yo nan men l'.*" Sèl bagay ki te entèpele Bondye nan pèp la se te rèl soufrans yo a. Ki vle di Bondye te wè soufrans yo e sa te fè L' te sonje mizerikòd Li.

Kounyea Danyèl mande Bondye tounen fè sa L' te fè deja a nan mizerikòd Li. Lè Bondye etann mizerikòd Li anvè nou, Li konplètman jis paske Senyè a sou kwa te peye lajan kontan pou peche nou yo. Women 3:26: "*Men koulye a, li moutre nou ki jan l'ap fè moun gras, paske li fè nou wè se li menm ki gen rezon, an menm tan l'ap fè tout moun ki kwè nan Jezi yo gras.*"

Danyèl kounyea ap prezante yon siplikasyon konbyen emouvan:

Danyèl 9 :19 *Seyè, koute nou non! Seyè, padonnen nou! Seyè, louvri zòrèy ou! Fè kichòy! Pa mize, pou tout moun ka*

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

konnen se Bondye ou ye! Lavil la ansanm ak pèp la se pou ou yo ye. Se pou yo m'ap lapriyè.

Sa se pwen kilminan lapriyè Danyèl la. Li mande Bondye pou koute e reponn lapriyè l' la akòz Moun Li ye a e akòz sa l' te pwomèt la. Pa gen okenn rezon valid ki te soti nan Izrayèl. Danyèl pa t' entèsede devan Bondye paske yo rele l' Danyèl. Men okontrè li te asosye l' ak rès pèp la e konfese: nou peche. Non Bondye te danje e Danyèl te sensèman konsène pou non ak laglwa Bondye. Se sou baz sa l' te prezante rekèt li a.

Nou rive kounyea nan moman pou nou remèsye w' dèske w' te chwazi pase tan beni sa a ak nou nan etid Pawòl Bondye a, n'ap kite w' ak benediksyon Granmèt la!